

# ÈSKE W AP TRAVAY PANDAN COVID-19 LA? MEN SA OU BEZWEN KONNEN

## Konje Maladi

Patwon ki gen 10 oswa plis anplwaye dwè bay travayè ki kouvri yo konje peye pou maladi. Anplwaye ki kouvri yo kapab touche 1 èdtan pou chak 40 èdtan travay yo.

Pifò anplwaye a plen tan ak a tan pasyèl ka itilize konje peye pou maladi yo pou sèten rezon COVID-19 rezon san yo pa bezwen pè pou vanjans. Sa gen ladan:

- ✓ Obligasyon pou fème biznis la.
- ✓ Pran swen timoun yo pandan lekòl oswa gadri fèmen.
- ✓ Karantèn.

Pandan risk pou sante COVID-19 la, anplwaye yo pa oblije bay yon sètifika medikal pou yo pran plizyè jou konje maladi peye youn apre lòt. Ou kapab kouvri anba FFCRA pou plis konje maladi peye tou.

## Pwoteksyon kont Vanjans nan COVID-19

Travayè Philadelphia yo gen pwoteksyon kont vanjans patwon yo pandan COVID-19 pou yo ka:

- ✓ Pale si ka gen yon vyolasyon yo lòd sante piblik.
- ✓ Refize travay anba kondisyon danjere paske ou kwè patwon ou pa swiv yon lòd sante.

Vanjans gen ladan:

- Revokasyon
- Aksyon disiplinè
- Rediksyon nan kantite èdtan
- Chanjman orè
- Retire responsablite

## Semèn Travay

Apati 1ye avril 2020, lwa Semen Travay Ekitab la egzije pou pevwa orè pou sèten travayè nan sektè sèvis, ospitalite, ak an detay. Li mande pou patwon nan sektè sa yo:

- ✓ Afiche epi bay yon preyavi 10 jou sou orè travay la.
- ✓ Ofri lè travay bay anplwaye ki deja la yo anvan ou anboche nouvo anplwaye.

Patwon nan sektè sa yo ki ge plis pase 250 aplwaye nan tout mond lan epi 30 oswa plis biwo nan tout mond lan, tankou etablisman an chèn ak franchiz yo.

- ✓ Pwoteksyon yo aplike pou travayè yo kèlkeswa sityasyon yo ak immigrasyon.
- ✓ Ou pa oblije bay idantite ou pou depoze yon plent.
- ✓ Aksè nan lang disponib lè w kontakte biwo nou an.



City of

Philadelphia

Èske ou gen kesyon? Plent? **KONTAKTE NOU:**

Biwo Konfòmite ak Avantaj avèk Salè

215.686.0802 - [WorkerProtection@phila.gov](mailto:WorkerProtection@phila.gov)